

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Daérah Jawa Barat kawéntar jembar ku kasenian jeung kabudayaanna hususna di Tatar Sunda. Réa kasenian anu nyampak sarta ngandung ajén-inajén penting pikeun kahirupan manusa salaku mahluk sosial. Salahsahiji kasenian nu aya di Jawa Barat nyaéta kawih, anu miboga fungsi minangka hiburan pikeun masarakat. Kawih salaku média pikeun pangarang ngaéksprésikeun jeung ngébréhkeun idéna ngaliwatan rumpaka-rumpaka kawih. Nurutkeun Hendrayana (2018, kc.64) kawih téh raket pisan patalina jeung kahirupan manusa, kusabab masarakat Sunda dina kahirupan sapopoéna ti mimiti mépénde budak, nepi ka ngawuluku sok dibarengan ku ngahaleuang. Nurutkeun Hendrayana (2016, kc.15) anu dimaksud kawih téh miboga irama merdika jeung irama tandak.

Dina mangsa modérnisasi kawih ku sawatara masarakat geus mimiti kapopohokeun, ku kituna kawih kudu diwanohkeun deui. Masarakat ayeuna biasana leuwih nyaho kana pop Sunda, anu rata-rata eusi rumpakana ngeunaan cinta jeung heureuy. Masarakat ayeuna geus loba kapangaruhan ku budaya-budaya barat, nu ngabalukarkeun luntarna peran seni jeung budaya (Irmania et al., 2021). Jawa Barat mangrupa salah sahiji daérah anu narima pangaruh rupa-rupa kasenian anu asup ti bangsa deungeun. Balukar tina masalah ieu, teu saeutik bangsa Sunda leuwih resep ngamumulé budaya batur tibatan budaya sorangan.

Dina taun 60-an kawih kungsi aya dina mangsa emas, sok sanajan kungsi aya dina mangsa emas, teu bisa dipungkir kiwari kawih téh geus ngurangan éksisténsina. Saméméh abad ka XVI masarakat Sunda geus mikawanoh kawih, kusabab katitén aya catetan sajarah nu kaunggel dina naskah Sunda kuna *Sanghyang Siksa Kandang Karesian* (SSKK) taun 1518 M, anu unina:

“Hayang nyaho di sakweh ning kawih ma: kawih bwatuha. kawih panjang, kawih lalanguan. kawih panyaraman, kawih sisi(n)diran, kawih péngpélédan, bongbong kaso, pererane, porod eurih, kawih babahanan, kawih ba(ng)barongan, kawih tangtung, kawih sasa(m)batan, kawih igel-igelan; sing sawatek kawih ma, paraguna tanya.” (Danasmita dina Nurhamsah, 2019, kc.60)

Tina ungkaran SSKK di luhur, kapaluruh yén kawih leuwih aya tibatan tembang. Mimiti ayana tembang téh sanggeus gumelarna pupuh dina abad ka-17.

Sukanda (dina Gusnira, 2018, kc.9) nétélakeun seni tembang Sunda Cianjuran

Sutri Aprilia Ningrat, 2023

RUMPAKA KAWIH ALBUM WIWITAN PUJI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN ATIKAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

mimiti aya di taun 1834, dina mangsa pamaréntahan bupati Cianjur, R. Aria Adipati Kusumaningrat.

Nurutkeun Chaerudin (2017, kc. 106), rumpaka téh mangrupa wangun ugeran, puisi, atawa sa'ir nu digunakeunana pikeun midangkeun lalaguan, kawih, tembang (Indonesia: nyanyian), minangka katerangan tina téma atawa lirik lagu. Rumpaka kawih eusina pinuh ku ajén-inajén saperti ajén atikan, sosial, asmara, jrrd. Ditilik tina wandana jenis puisi aya dua nyaéta puisi heubeul jeung puisi modérn. Puisi heubeul mangrupa karya sastra nu kauger sedeungkeun puisi modérn teu kauger salah sahijina nya éta kawih. Nurutkeun Isnendes (2010, kc. 56) dina puisi heubeul aya dua warna nyaéta nu ngawujud carita jeung anu teu ngawujud carita. Anu ngawujud carita aya téksna saperti pantun jeung wawacan. Sedengkeun anu teu ngawujud carita saperti mantra, kawih, kakawihan, sisindiran, syair jeung pupuh. Rumpaka kawih téh méh sarimbag jeung sajak sabab sarua wanda puisi Sunda heubeul, ngan rumpaka kawih mah sok dihaleuangkeun lantaran aya unsur mélodi saperti laras, surupan, wirahma, jeung susunan mélodi titilaras.

Pikeun neuleuman ajén-inajén anu nyangkaruk dina rumpaka kawih, aya sababaraha tiori anu jadi dadasar dina ieu panalungtikan. Teori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori struktur jeung ajén atikan. Tokoh struktur puisi anu kawéntar nya éta I.A Richard jeung Alton C. Morris. Nurutkeun Isnendes spk (2018, kc.94) struktur puisi bisa dititénan tina hakékat jeung unsur pangawangunna. Nurutkeun Richard dina Isnendes spk (2018, kc.94) aya opat struktur batin atawa hakékat puisi nya éta téma atawa ma'na (*sense*), rasa (*feeling*), nada (*tone*), jeung amanat (*intention*) atawa maksud jeung tujuan anu hayang ditepikeun ku panyajak. Nurutkeun Morris dina Isnendes spk (2018, kc.94) anu kaasup kana struktur lahir puisi atawa unsur pangawangunna nya éta diksi (*diction*), imaji (*imagery*), kecap kongkrit (*the concrete word*), gaya basa (*figurative language*), jeung purwakanti.

Nurutkeun Danadibrata (2015, kc.09) kecap ajén téh asalna tina kecap ajian anu ngandung harti aya ajianana, boga ajian atawa jampé pikeun dihormat. Nurutkeun Danadibrata (2015, kc.39) atikan nyaéta pangajaran kana jalan kahadéan, méré, ngajarkeun, ngawarah, jeung ngaping. Nurutkeun Loree dina Syamsudin (2012, kc.105) ajén atikan ngawengku ajén moral, ajén sosial, jeung ajén agama. Nurutkeun Bertens (2011, kc.14) moral nyaéta asas anu aya patalina jeung hal-hal

nu hadé, fungsi moral nyaéta salaku dadasar pikeun jalma dina kahirupan sapopoé di lingkungan masarakat. Nurutkeun Loree dina Syamsudin (2012, kc.105) ajén sosial nyaéta hiji proses manusa pikeun ngalatih *kapekaan* dirina, dina nyanghareupan kahirupan. Kamekaran sosial nu aya di masarakat bisa numuwuhkeun silih tulungan papada jalma jeung ngarobah jalma sangkan leuwih hadé. Nurutkeun Brightman dina Syamsudin (2012, kc.105) *penghayatan* agama téh teu ngan saukur percaya kana kaayaan-Na hungkul, ogé percaya kana ajén-ajén luhung nu ngatur tata hirup manusa jeung alam dunya.

Nurutkeun Kemendiknas (2010, kc.9) nu ngawengku 18 ajén atikan karakter nya éta *demokratis, menghargai prestasi, rasa ingin tahu, cinta tanah air, semangat kebangsaan, ajén religius, cinta damai, gemar membaca, bersahabat/komunikatif, tanggung jawab, peduli sosial, jujur, peduli lingkungan, toleransi, mandiri, disiplin, kerja keras jeung kreatif*. Sedengkeun tiori ajén atikan nurutkeun Loree dina Syamsudin (2012, kc.105) ngawengku ajén agama, ajén moral jeung ajén sosial. Bisa dicindekkeun ajén atikan karakter anu disusun ku Kemendiknas téh jumlahna réa pisan, sedengkeun ajén atikan nurutkeun Loree jumlahna aya tilu sarta leuwih museur kana ajén agama, ajén moral, jeung ajén sosial.

Kawih mangrupa kabudayaan anu kudu ditanjeurkeun deui di kancan atikan, sarta pikeun ngaapresiasi kawih nyaéta ku cara ngaanalisisrumpaka-rumpakana. Ku kituna aya salah sahiji kawih anu ngandung ajén atikan luhung nya éta kawih album *Wiwitan Puji*. Kawih-kawih dina album *Wiwitan Puji* eusina ngeunaan atikan anu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé, husuna dina widang agama Islam. Kawih album *Wiwitan Puji* medal dina taun 2002, judul-judul kawihna nya éta “Wiwitan Puji”, “Solawat Bani Hasyim”, “Du’a”, “Madep”, “Demi Wanci”, “Pépéling”, “Paneda”, jeung “Balitungan”. Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun mikanyaho kumaha struktur, jeung ajén atikan anu nyampak dina rumpaka kawih album *Wiwitan Puji*. Kawih-kawih nu aya dina ieu album téh dihaleuangkeun ku Barman Sachyana jeung Teti Affienti. Lalaguan anu aya dina ieu album téh sanggian ti sababaraha komponis, nya éta karya Mang Koko, Ihin, Atang Warsita, R.A Darya, Ibu Saodah, jeung karya Nano S.

Nano S nyaéta seniman anu karya-karyana geus réa jeung kawéntar di Tatar Sunda. Nano S aktif dina widang kasenian, anjeunna gumelar ping 4 April 1944,

tilar dunya ping 29 Septémber 2010. Sanajan geus tilar dunya tapi karya-karyana masih kénéh nanjeur nepi ka kiwari. Anjeunna fokus salaku panulis lagu-lagu Sunda, salah sahiji laguna nya éta “Kalangkang”. Tina kawih “Kalangkang” ieu Nano S meunang pangajén *BASF Award* dina taun 1989.

Kawih nu ngadidik téh bisa diwanohkeun deui ka barudak kiwari, nya éta ku cara dijadikeun bahan pangajaran di sakola. Kawih anu anu kudu dipikawanoh ka siswa di sakola nyaéta kawih album *Wiwitan Puji*. Lantaran ajén anu nyampak dina kawihna pikeun ngadidik karakter siswa, jeung kaagamaanna. Guru anu hadé bakal milih bahan pangajaran saluyu kana aspék psikologis anu sakuduna diajarkeun ka siswa. Dina buku *Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda berbasis kurikulum 2013 revisi 2017 jenjang SMA/SMK/MA/MAK*, kawih jadi salasahiji matéri anu diajarkeun dina basa jeung sastra Sunda, sarta aya dina KI/KD di SMA kelas X.

Panalungtikan anu patalina jeung rumpaka kawih kungsi dipigawé saméméhna, di antarana (1) “Rumpaka Album Kawih Deudeuh jeung Geugeut Karya Eddy D. Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMA Kelas X (Ulukan Struktural jeung Ajén Éstétika)” ku Annisa Gusnira (2018). Dina panalungtikanna Annisa nalungtik struktur jeung ajén éstétika anu aya dina rumpaka kawih album *Deudeuh jeung Geugeut*. (2) “Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak Cita-Cita (Ulukan Struktural jeung Étnopedagogik)” ku Teguh Purwa Saputra (2021). Dina panalungtikanna Teguh nalungtik struktur jeung étnopedagogik anu aya dina rumpaka album kawih Asuh Barudak Cita-Cita. (3) “Rumpaka Tembang Atikan Karya Dian Hendrayana (Ulukan Struktural jeung Étnopédagogik)” ku Setiadi Ramdani (2021). Dina panalungtikanna Setiadi nalungtik struktur jeung ajén atikan anu aya dina eusi rumpaka tembangna. (4) “Proses Kreatif Yus Wiradiredja dina Rumpaka Kawih Album Rawayan Cinta: Ulukan Struktural jeung Ékspresif” ku Syafira Nurulita Utami (2022). Dina panalungtikanna Syafira nalungtik struktur jeung ékspresif Yus Wiradiredja dina kawih album *Rawayan Cinta*. Ieu panalungtikan teu sarua jeung panalungtikan saméméhna boh dina objék panalungtikanna boh hal anu ditalungtikna. Ku kituna, panalungtikan “Rumpaka Kawih dina Album *Wiwitan Puji* pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMA Kelas X (Ulukan Struktural Jeung Ajén Atikan)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Ditilik tina kasang tukang bisa kapaluruh yén kawih Album *Wiwitan Puji* anu medal dina taun 2002. Lamun ditalungtik leuwih jero deui dina struktur jeung ajén atikanna bakal leuwih loba kaguar hal-hal hadé anu nyampak dina eusi rumpaka kawih Album *Wiwitan Puji*. Bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé sarta pikeun bahan ajar Kawih di SMA kelas X. Teori struktur nu dipaké dina nganalisis rumpakana téh nya éta nurutkeun I.A Richard jeung Alton C.Morris. Nurutkeun Richard aya opat struktur batin atawa hakékat puisi, nya éta téma atawa ma'na (*sense*), rasa (*feeling*), nada (*tone*), jeung amanat (*intention*). Morris nétélakeun aya struktur lahir puisi atawa unsur pangwangunna, nya éta diksi (*diction*), imaji (*imagery*), kecap kongkrit (*the concrete word*), gaya basa (*figurative language*), jeung purwakanti.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang nu geus diébréhkeun saméméhna perlu dijieun rumusan masalah sangkan ieu panalungtikan bisa leuwih museur. Ieu panalungtikan bakal ngaguar ngeunaan struktur, ajén atikan dinaalbum *Wiwitan Puji*, sarta larapna ieu album kawih dina bahan ajar kawih di SMA kelas X. Ku kituna rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti kieu.

- 1) Kumaha téks jeung wangun rumpaka kawih album *Wiwitan Puji*?
- 2) Kumaha struktur dina rumpaka kawih album *Wiwitan Puji*?
- 3) Kumaha ajén atikan anu nyangkaruk dina kawih album *Wiwitan Puji*?
- 4) Kumaha larapna rumpaka album kawih *Wiwitan Puji* kana bahan ajar SMA kelas X?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus di antarana saperti kieu.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan luyu jeung rumusan masalah anu geus dipedar saméméhna, nyaéta ngaidéntifikasi struktur jeung ajén atikan anu nyampak dina kawih album *Wiwitan Puji*. Sarta bisa dijadikeun bahan ajar kawih SMA kelas X. Nganalisis rumpaka kawih nyaéta salah sahiji cara pikeun ngaapprésiasi kawih tur numuwuhkeun kareeus kana budaya.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) téks jeung wangun rumpaka kawih album *Wiwitan Puji*;
- 2) struktur rumpaka kawih album *Wiwitan Puji*;
- 3) ajén atikan anu nyangkaruk dina rupaka kawih album *Wiwitan Puji*;
- 4) kumaha larapna rumpaka album kawih *Wiwitan Puji* kana bahan ajar SMA kelas X.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat téoritis, mangpaat kawijakan, mangpaat isu jeung aksi sosial, jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Teoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nyaéta sangkan bisa ngawanohkeun struktur, jeung ajén atikan anu nyangkaruk dina kawih album *Wiwitan Puji*, pikeun kahirupan sapopoé sarta dilarapkeun dina bahan ajar kawih di SMA kelas X. Lian ti éta, mangpaatna nyaéta pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang sastra, hususna dina rumpaka kawih.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Pamaréntah ngatur kawijakan ngeunaan pemeliharaan basa, sastra, jeung aksara daérah. Diatur dina Peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat Nomor 14 Taun 2014 ngeunaan parobahan kawijakan Peraturan Daérah Nomor 5 taun 2003. Ayana ieu kawijakan, panulis salaku urang Sunda miboga kereteg pikeun ngaraksa,

ngariksa, tur ngamumulé basa, sastra, jeung budaya Sunda ku cara nyieun panalungtikan dina wangun karya monuméntal (skripsi).

1.4.3 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Sacara isu jeung aksi sosial, ieu panalungtikan pikeun jadi bacaan, ngeunaan kumaha struktur jeung ajén atikan. Sarta bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé di lingkungan masarakat jeung dilarapkeun dina bahan pangajaran kawih SMA kelas X.

1.4.4 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan diwincik saperti ieu di handap sangkan leuwih écés, di antarana:

- 1) pikeun panalungtik, miboga pangalaman dina maham jeung ngulik rumpaka kawih nu aya patalina jeung ajén atikan;
- 2) pikeun pamaca, méré pangaweruh dina hasil karya sastra hususna rumpaka kawih album *Wiwitan Puji* nu loba ngandung ajén-inajén;
- 3) pikeun panalungtik satuluyna, bisa dijadikeun sumber référénsi dina studi literatur pikeun nambahan pangaweruh tiori;
- 4) pikeun masarakat, sangkan bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan karya seni sora Sunda, nyaéta kawih, tur ngalarapkeun ajén anu nyampak dina rumpaka kawih album *Wiwitan Puji*;
- 5) pikeun pangajaran, pikeun bahan ajar jeung nambahan pangaweruh siswa ngeunaan rumpaka kawih di sakola.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga nulis dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, sakumaha anu diébréhkeun.

Bab I Bubuka. Dina ieu bab, eusina mangrupa bubuka, ngawengku ngeunaan kasang tukang, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan umum jeung mangpaat panalungtikan husus, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ieu bab, eusina ngeunaan ulikan tiori anu dipaké pikeun ngarojong ieu panalungtikan. Medar ngeunaan kawih, struktural, ajén atikan, jeung bahan ajar, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab, diguar désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab, dijéntrékeun ngeunaan kajian struktural, ajén atikan nu nyangkaruk dina rumpaka kawih album *Wiwitan Puji* tuluy dilarapkeun pikeun bahan ajar kawih di SMA Kelas X.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Dina ieu bab, eusina mangrupa kacindekan hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi ti panyusun pikeun panalungtik satuluyna.